

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa salasihiji alat komunikasi anu penting dina hirup kumbuh manusa. Ngaliwatan basa, manusa bisa nepikeun naon-naon anu aya dina uteukna. Basa téh sifatna midunya lantaran ciri-ciri kasajagatan dunya diwujudkeun ku basa minangka : (1) saluran sora rungu, (2) sora basa bisa diregepkeun tur dikedalkeun, (3) babari robah, (4) bisa siligenti, (5) has tur mandiri, (6) sakarepna, (7) unduring lakuna gembheng, (8) béda-béda, (9) pipindahan, (10) sipatna muka tur produktif, (11) hiji kabiasaan, (12) polana miganda, (13) patukang tonggong, (14) museur ka dirina, jeung (15) bisa diulik (Sudaryat, 2008:10). Lian ti midunya, basa mangrupa idéntitas étnik hiji bangsa, jalma, atawa sélér bangsa. Tina jihat étnik ieu, aya nu disebut basa daérah, basa nasional, jeung basa asing. Éta kalungguhan basa téh mibanda fungsi séwang-séwangan dina kahirupan pamaké basa (Sudaryat, 2008:12). Salasihiji basa daérah anu mangrupa ciri étnik hiji sélér bangsa nya éta basa Sunda.

Basa Sunda mangrupa salasihiji basa anu dipaké alat tatali marga ku masarakat Sunda sacara turun-tumurun. Basa Sunda ieu mangrupa basa daérah Jawa Barat anu kudu dirumattur diriksa ku urang Sundana.

Dina komunikasi boh éta basa Sunda boh basa séjénna bisa ngagunakeun dua ragam basa nya éta basa lisan jeung basa tinulis. Pikeun ngasah kamampuh ngagunakeun basa boh sacara lisan atawa tinulis, manusa kudu diajaran basa.

Tujuan tina diajaran basa Sunda nya éta ngahontal opat kaparigelan basa jeung aprésiasi sastra. Opat kaparigelan basa anu kudu dihontal téh nya éta kaparigelan ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis.

Nulis mangrupa salasihiji tina opat kaparigelan basa anu kudu dihontal ku siswa. Nulis nya éta hiji kaparigelan basa anu sipatna produktif. Ieu kaparigelan basa téh tujuanana pikeun komunikasi teu langsung. Dina kaparigelan nulis, panulis kudu miboga kaparigelan pikeun ngadumaniskeun struktur basa jeung kosa kecapna. Salasihiji kaparigelan nulis anu diajarankeun di Sakola utamana jenjang atikan SMP nya éta kaparigelan nulis pangalaman.

Kaparigelan nulis pangalaman pikeun ngasah kamampuh ragam basa tinulis geus diatur ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) 2006 mata pelajaran Basa jeung Sastra Sunda tingkat SMP, nulis pangalaman jadi salasihiji kompetensi dasar anu kudu diajarankeun di tingkat SMP kelas VII. Standar Kompetensi nulis pangalaman basa Sunda nya éta “*mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginandalam bentuk menulis pengalaman, biografi, sajak, dan bahasan*”.

Dina kanyataanana, siswa kelas VII SMP miboga bangbaluh dina nulis pangalaman. Utamana dina perkara ngagunakeun kecap. Loba siswa anu ngarasa hésé nepikeun pangalamanana dina wangun tinulis maké basa Sunda. Ieu hal lantaran kandaga kecap anu dipikawanoh ku siswa heureut kénéh. Lian ti éta, réa siswa anu macorokkeun basa Sunda jeung basa Indonesia dina karanganana. Ieu lantaran basa Sunda geus kapangaruhan ku basa-basa séjén, saperti basa

Indonésia.. Ku kituna, dina hal ieu lumangsung prosés campur kode. Ieu paripolah kaalaman ogé ku siswa kelas VII SMPN 1 Bandung.

Sabada nitén, teu saeutik siswa SMPN 1 Bandung anu macorokkeun basa Sunda jeung Basa Indonesia dina kahirupan sapopoéna utamana di lingkungan Sakola. Lain waé dina wangun lisan tapi tinulis ogé. Contona paguneman siswa nalika istirahat Sakola :

A: “jajan yu!”

B: “hayu, *aku* mah *mau* jajan basréng ah. Ari *kamu* jajan naon?”

atawa campur kode siswa dina wangun tinulis saperti :

Lembang téh *udarana* sejuk jeung *pohon-pohonna* loba kénéh.

Ieu balukar siswa-siswana teu biasa maké basa Sunda dina campur gaul sapopoéna. Lian ti éta, réa siswa anu lain asli Sunda.

Dina campur kode, panyatur ngagunakeun dua basa dina hiji komunikasi jeung sasamana. Ku kituna, perlu aya nu nalungtik ieu pasualan pikeun mikanyaho nepi ka mana proses campur kode lumangsung di siswa SMP. Ieu bisa dijadikeun cecepengan pikeun ngaminimalkeun proses campur kode. Panalungtikan ngeunaan campur kode dina basa tinulis mémang geus aya. Saperti panalungtikan ku Harti (2004) dina skripsi anu judulna “Campur Kode Indonesia kana Basa Sunda dina Naskah Khutbah Jum’ah ditilik tina Segi Morfologis”, jeung Nursintawati (2008) dina skripsi anu judulna “Campur Kode Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung”. Niténan kana hasil-hasil panalungtikan campur kode dina basa tinulis acan aya nu nalungtik di tingkat SMP. Ku kituna, anu ngabédakeun ieu

panalungtikan jeung panalungtikan séjénna nya éta ieu panalungtikan dilakukeun di tingkat SMP tur anu ditalungtik nya éta struktur kandaga kecapna..

Dumasar kana kasang tukang masalah anu geus diébréhkeun saméméhna, Judul nu dipilih nya éta “Campur Kode dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2011-2012”. Panalungtikan ieu bisa dijadikeun bahan babandingan pikeun panalungtikan nu sarupa. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa leuwih ngajembaran kaweruh kana kanyataan anu lumangsung dina dunya atikan utamana pangajaran basa Sunda.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan téh teu lega teuing, ieu panalungtikan téh diwatesanan ngan maluruh campur kode wanda, wujud, kandaga kecap, adegan kecap, jeung faktor anu mangaruhan kana lumangsungna campur kodedina karangan pangalaman siswa kelas VII SMP Negeri 1 Bandung Taun 2011/2012.

1.2.2 Rumusan Masalah

Tina watesan masalah diluhur, panalungtik ngarumuskeun sababaraha masalah di antarana:

- 1) Wanda campur kode naon anu aya dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011-2012?
- 2) Wujud campur kode naon anu aya dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012?

- 3) Kumaha campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011-2012 ditilik tina kandaga kecap jeung adegan kecapna?
- 4) Faktor naon anu mangaruhan lumangsungna campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011-2012?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum Panalungtikan

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta maluruh pasualan-pasualan kabasaan anu lumangsung di masyarakat hususna mikaweruh campur kode anu aya dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.

1.3.2 Tujuan Husus Panalungtikan

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) wanda Campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011-2012;
- 2) wujud campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012.
- 3) lumangsungna campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung ditilik tina kandagakecap jeung adeganana; jeung
- 4) faktor naon anu mangaruhan lumangsungna campur kode dina karangan pangalaman siswa SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa manfaat pikeun dunya atikan jeung masarakat. Ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu sosiolinguistik tur pasualan-pasualan kabasaan utamana dina pangajaran basa Sunda. Lian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan dina pangajaran nulis pangalaman.

1.4.2 Manfaat Praktis

Lian ti sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep ogémiboga manfaat sacara praktis nya éta:

- 1) bisajadibahantimbangan pikeun gurukana kaweruh siswa ngeunaan kandaga kecap basa Sunda;
- 2) bisa nambahan pangaweruh pikeun ngalarapkeun basa Sunda dina ngalatih kaparigelan nulis;
- 3) bisangeuyeuban pangaweruh jeung wawasan; jeung
- 4) bisa ngalatih dina prosés mikir ilmiah.

1.5 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan dijéntrékeun ieu di handap:

- 1) Campur kode mangrupa fénoména kabasaan anu aya dina kahirupan sapopoé lantaran ayana kontak basa.
- 2) Hiji basa moal bisa leupas tina basa séjénna.

- 3) Basa téh sifatna produktif, hartina basa téh teu kawatesanan contona hiji kecap bisa dijieun réwuan kalimah. (Chaer, 2010:13).
- 4) Basa téh sifatna dinamis. Lantaran basa téh patali jeung manusa, sedengkeun kagiatan manusa salawasna bakal robah, ku kituna basa ogé bakal milu robah. (Chaer, 2007:53).
- 5) Nulis pangalaman mangrupa salasahiji kompetensi pang basa Sunda di tingkat SMP Kelas VII anu kaunggel dina SKKD Basa Sunda taun 2006.

1.6 Wangenan Istilah

Sangkan nu maca teu salah tafsir kana ieu panalungtikan, ku kituna ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan istilah di handap:

- 1) Campur kode nya éta makéna dua basa atawa leuwih ku cara silih ngasupkeun unsur basa nu hiji kana basa nu séjén sacara konsisten. (Suwito, 1996:96).
- 2) Karangan nya éta naon-naon anu dikarang dina hasil ngarang (nyieun carita). (KBS, 2005:185).
- 3) Pangalaman nya éta sagala rupa perkara anu kungsi kaalaman dina waktu nu geus kaliwat. (Risnandar, 2011:21).

1.7 Sistematika Penulisan

Sistematika penulisan ieu skripsi kabagi jadi lima nya éta:

BAB I : Kasang Tukang Masalah, Watesan jeung Rumusan Masalah, Tujuan Panalungtikan, Manfaat Panalungtikan, Anggapan Dasar, Wangenan

Istilah, Metode jeung Téhnik Panalungtikan, Sumber Data, jeung Téhnik Panalungtikan.

BAB II : Kajian Tiori.

BAB III : Metodologi Panalungtikan.

BAB IV : Campur Kode dina Karangan Nulis Pangalaman Siswa Kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012.

BAB V : Kacindekan jeung Saran

